

Non Elèv la: _____ Sal klas prensipal: _____ Nivo: _____



Kontra Lekòl–Paran

Lekòl Mwayen South Tattnall

Ane Lekòl 2025–2026

Revize: 6/6/2025

Chè Paran/Gadyen,

Elèv ki patisipe nan pwogram Tit I, Pati A nan Lekòl Mwayen South Tattnall ansanm ak fanmi yo dakò ke kontra sa a dekri kijan paran yo, tout pèsonèl lekòl la, ak elèv yo ap pataje responsablite pou amelyorasyon akademik elèv yo, epi li montre kijan lekòl la ak paran yo ap travay ansanm pou ede timoun yo reyalize nivo estanda leta a.

DEVLOPE ANSANM:

Paran, elèv, ak anplwaye Lekòl Mwayen South Tattnall te travay ansanm pou devlope kontra sa a. Pwofesè yo te pwopoze estrateji pou aprantisaj lakay, paran yo te mete opinyon sou kalite sipò yo bezwen, epi elèv yo te di sa ki ede yo aprann. Nou ankouraje paran yo patisipe nan reyinyon revizyon chak ane nan mwa Avril/Me pou revize kontra a epi fè sijesyon baze sou bezwen elèv ak objektif amelyorasyon lekòl la. Paran yo ka tou patisipe nan sondaj Tit I chak ane ki sèvi kòm zouti pou ranmase opinyon sou pwogram ak politik Tit I ki egziste.

Pou konprann benefis travay ansanm pou pitit ou a, li enpòtan pou konnen objektif distri a ak lekòl la pou siksè akademik elèv yo.

Objektif Distri Lekòl Tattnall County:

- *Plis anseyman endividyalize ak an ti gwooup ap aplike pou satisfè bezwen TOUT elèv yo ak ogmante pou santaj elèv ki reyalize nivo 2, 3, oswa 4 nan GMAS Prentan 2026 pou tout matyè pa omwen 3%.*
- *Tattnall County ap diminye pou santaj disiplin pou deranjman nan sal klas yo pa 3% konpare ak ane lekòl 2024–2025.*

Objektif Lekòl Mwayen South Tattnall:

- *Diminye pou santaj elèv ki nan Nivo I (Beginning Learners) pa redwi kantite elèv ki ap li anba nivo pa 10%, epi ogmante elèv ki ap li pi wo pase nivo pa 8% konpare ak ane lekòl 2024–2025.*
- *Avèk aplikasyon kontinyèl PBIS (Pozitif Entèvansyon pou Konpòtman), lekòl la vize diminye kantite elèv ki resevwa disiplin pou pa suiv règleman pa 3% (4 elèv) konpare ak ane lekòl anvan an.*

Pou ede pitit ou reyalize objektif distri a ak lekòl la, lekòl la, ou menm, ak pitit ou ap travay ansanm pou:

RESPONSABLITE LEKÒL/PROFESÈ

Lekòl Mwayen South Tattnall ap:

- Bay kourikoulòm ak ansèyman kalite siperyè nan yon anviwònman ki sipòte elèv yo pou reyalize estanda pèfòmans Eta Georgia.
- Fè sal klas yo san danje ak chaje ak respè.
- Bay aksè rezonab pou paran yo ka kominike ak anseyan, patisipe nan reyinyon epi diskite sou kontra sa a konsènan siksè elèv la.
- Voye rapò regilye sou pwogrè elèv yo atravè bilten, imèl chak semèn, Parent Portal, REMIND, apèl telefòn, imèl, nòt, elatriye.
- Bay enfòmasyon sou kalifikasyon pwofesyonèl pwofesè ak parapwofesyonèl ki ap travay ak elèv yo.

RESPONSABLITE PARAN::

Nou menm kòm paran, nou pral:

- Kenbe kontak regilye ak pwofesè ptit mwen pa mete enfòmasyon kontak mwen ajou, li devwa, rapò, manyèl elèv, ak lòt mesaj lekòl/vini ak ptit mwen.
- Fè lekòl vin yon priyorte: asire ptit mwen ale lekòl chak jou alè, kreye yon anviwònman aprantisaj lakay, mande pou tout dewwa yo fèt, epi ankouraje li pou li omwen 20 minit chak swa.
- Montre respè ak sipò pou ptit mwen, pwofesè yo, ak lekòl la.
- Li epi swiv règleman manyèl distri Tattnall la.

RESPONSABLITE ELÈV:

Nou menm kòm paran, nou pral:

Montre respè epi viv ak P.R.I.D.E. Lekòl pou tèt mwen, zanmi mwen, ak lekòl mwen.

Ale lekòl regilyèman epi vini prepare ak materyèl ak devwa mwen.

Itilize agend mwen chak jou pou ekri devwa, epi montre li lakay pou paran mwen ka revize.

Fè bon chwa: rete konsantre, suiv direktif, fè pi byen mwen, respekte pwofesè yo, epi fè devwa lekòl ak devwa lakay.

Li epi swiv règleman manyèl distri Tattnall la.

Mete objektif akademik pou tèt mwen epi kwè ke mwen ka reyisi!

KOMINIKASYON SOU APRENTIZAJ ELÈV LA:

Lekòl Mwayen South Tattnall angaje l nan komunikasyon regilye de-fason ak fanmi sou aprantisaj timoun yo. W ap resevwa enfòmasyon atravè:

- Premye apèl telefòn konsiltasyon paran nan kòmansman ane a
- Agend elèv yo
- Bilten enfòmasyon
- Parent Portal
- Sitwèb lekòl/profesè
- Reyinyon paran-pwofesè
- Devwa ak rapò sou pwogrè
- Apèl ak imèl
- Dojo
- Pou pran randevou, rele: 912-654-1467

AKTIVITE POU KONSTWI PATENARYA:

Lekòl Mwayen South Tattnall ofri evènman ak pwogram kontinyèl pou devlope relasyon ak fanmi yo:

Jou Ouvè ak Orantasyon pou 6yèm ane

Sondaj Angajman Paran sou sitwèb lekòl la

Aswè pou Nivo ak GMAS

Reyinyon Tit I Anyèl

Reyinyon Paran-Pwofesè (ki gen ladan 504, ESOL, ak IEP)

Angajman Paran ak Fanmi chak 9 semèn

Siyati

Tanpri siyen epi mete dat anba a pou konfime ou li, resevwa, epi dakò ak Kontra Lekòl-Paran sa a. Apre ou fin siyen, tanpri retounen fòm lan bay pwofesè ptit ou.

Siyati Reprezantan Lekòl: _____ **Dat:** _____

Siyati Paran/Gadyen: _____ **Dat:** _____

Siyati Elèv la: _____ **Dat:** _____